



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE KATRIYÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2024 LA: 'NY SWIMS' — ENVESTISMAN ETA NEW YORK NAN PLIS NATASYON**

*NY SWIMS pral elaji anpil aksè nan natasyon san danje, k ap konble mank ekite gras ak opòtinite lwazi epi bay resous pou kominote yo k ap fè fas ak gwo chalè*

*NY SWIMS pral konstwi nouvo pisin minisipal nan Eta a, aktive vwa navigab natirèl, deplwaye pisin mobil nan zòn ki gen tandans gen gwo chalè ak lanse investisman istorik nan sistèm pak Eta New York la*

*Eta New York ak Vil New York pral fè patenarya pou l fè flote yon +Pool inik nan dlo nan vil la*

*New York pral ogmante kantite pak, pisin ak plaj ki ofri kou natasyon, k ap fòme ak rekrute nouvo sovtè*

*Nwaye se kòz prensipal lanmò nan tout peyi a pou timoun ki gen 1-4 an dapre estatistik CDC yo*

*Reprezantasyon pou pak Eta ak pisin ki reyimajine yo [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te prezante jodi a NY SWIMS: Investisman nan tout Eta New York nan Plis Natasyon, katriyèm pwopozisyon nan Diskou Eta Leta 2024 li a. Lè nou rekonèt nwaye se kòz prensipal lanmò pou timoun ki gen laj 1-4 an epi chanjman klimatik yo pral mennen nan pi gwo chalè, NY SWIMS pral konstwi pisin minisipal nan zòn ki gen gwo bezwen yo, konekte Nouyòkè yo ak rivyè ak lak yo nan Eta a, deplwaye pisin nan anviwònman iben yo epi investi nan pak ak pisin yo nan Eta a. Li pral pwomouvwa tou inisyativ pou ede plis Nouyòkè naje san danje nan abòde mank sovtè nan tout eta a, ogmante kou natasyon epi ogmante ekipman nan pisin ak plaj.

"Aksè nan natasyon pa sèlman gen pou wè ak lwazi - sa gen pou wè ak sante piblik ak rezistans klimatik," **Gouvènè Hochul te deklare.** "NY SWIMS se pral pi gwo investisman nan tout eta a nan natasyon depi New Deal la, elaji aksè pou kominote defavorize yo epi amelyore sekirite pou timoun yo atravè New York."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Lè nou te antre an fonksyon nan de ane pase yo, nou te gen yon misyon: Pwoteje sekirite piblik, revitalize ekonomi an, epi fè vil sa a vin pi vivab pou Nouyòkè k ap travay di yo. Chak jou, n ap akonpli vizyon sa a pou Nouyòkè yo, sa gen ladan envesti nan sekirite timoun yo avèk enfrastrikti natasyon nouvo. Mwen fyè pou m kreye patenarya ak Gouvènè Hochul pou m pote +Pool (+Pisin), yon pisin inik ak inovatè, nan Vil New York — k ap elaji aksè nan natasyon pou tout Nouyòkè yo."

NY SWIMS pral envesti nan elaji aksè nan natasyon atravè Eta a, nan konsantre sou kominote defavorize yo ak zòn ki gen tandans fè gwo chalè yo. NY SWIMS pral bay 150 milyon dola nan sibvansyon pou lokalite yo pou yo konstwi 10 nouvo pisin piblik ki enpòtan nan zòn ki gen plis bezwen yo, ankouraje inovasyon nan konsepsyon pisin yo epi deplwaye pisin tanporè anlè tè pou konbat gwo chalè.

Pandan Pak Eta New York ap selebre Santènè yo an 2024, NY SWIMS pral ranvèse plizyè deseni dezinvestisman pou asire pak piblik yo ofri nouvo enstalasyon natasyon trè modèn ki kapab sèvi plizyè milye vizitè chak jou.

Eta New York pral fè patenarya ak Vil New York tou pou reyalize vizyon +Pool, yon pisin k ap flote ki filtre ki ka chita nan rivyè New York yo, lè li finanse ansanm yon pwojè demonstrasyon ki pral asire modèl inovatè sa a kapab bay najè yo aksè san danje.

Aksè diferan nan opòtinite san danje epi pratik pou natasyon te refize twòp Nouyòkè chans pou yo angaje nan dlo a epi aprann konpetans debaz sou sekirite nan dlo. Nwaye nan Eta New York te atenn yon nivo maksimòm nan dènye ane yo, sa ki te touye 230 Nouyòkè an 2021 (done dènye ane yo disponib) ak plis pase 1,000 Nouyòkè soti 2017 rive 2021. Nwaye kounye a klase kòm kòz prensipal lanmò pami timoun ki gen laj youn a kat ane nan peyi Etazini, epi li se dezyèm kòz lanmò pou timoun ki gen laj 5 a 14 an. San aksè ekitab ak toupatou nan opòtinite pou naje an sekirite, mwens moun pral devlope konpetans debaz pou naje ak sekirite nan dlo, plis moun pral naje nan vwa navigab ki pa an sekirite ak san sovètè, epi plis lanmò akòz nwaye ki te ka anpeche ap kontinye rive chak ane.

### **Konstwi Pisin Minisipal nan Zòn ki Gen Plis Bezwen yo**

NY SWIMS, ke State Parks ap sipèvize epi Otorite Dòtwa nan Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) ap administre, pral kreye yon pwogram sibvansyon kompetitif 60 milyon dola pou fasilite renovasyon ak konstriksyon pisin nan katye ki gen gwo bezwen atravè Eta a. Atravè NY SWIMS, minisipalite lokal yo ka aplike pou sibvansyon pou pwojè pisin piblik yo. Sibvansyon NY SWIMS yo ka itilize pou finanse konsepsyon ak konstriksyon oswa renovasyon pisin yo ansanm ak lòt depans kapital ki gen rapò, ki gen ladan enfrastrikti sit, fontèn, planch plonje ak glisad, twalèt ak vestyè, konsesyon, akizisyon tè, ak lòt karakteristik ki kreye valè pou kominote lokal yo.

### **Reyimajine Kijan Nouyòkè yo Angaje avèk Rivyè ak Lak yo**

Pou ede reyimajine fason Nouyòkè yo ka angaje ak dlo a, tankou rivyè ak lak yo, New York pral kreye chemen ak opòtinite finansman pou ankouraje vrè inovasyon nan enfrastrikti pou naje yo. Gouvènè Hochul pral bay 60 milyon dola nan sibvansyon konpetitif pou minisipalite yo pou deplwaman pisin inovatè k ap flote ki ka pèmèt Nouyòkè yo naje san danje nan dlo natirèl yo. Pou ede asire pisin k ap flote yo satisfè tout estanda sante piblik ki apwopriye yo, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pral bay konsèy k ap pèmèt òganizasyon yo teste posiblite pou konsepsyon pisin inovatè nan dlo natirèl eta a.

Eta New York ak Vil New York pral kolabore pou lanse +Pool, yon enstalasyon natasyon trè modèn k ap flote nan dlo ki alantou Vil New York yo. Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te anonse ke Eta a ak Vil la t ap finanse ansanm yon pwojè demonstrasyon +Pool yo pral teste nan ete 2024 epi k ap ouvri pou piblik la nan ane annapre a.

### **Deplwaye Pisin nan Anviwònman Iben yo**

Pou konbat tanperati ete ki pi cho yo epi ede dirèkteman entegre opòtinite natasyon nan anviwònman iben yo, Eta a pral kreye yon pwogram sibvansyon minisipal inovatè 30 milyon dola pou finanse ti pisin mobil ak tanporè. Pisin sa yo ap enstalasyon mobil oswa tanporè yo ta ka voye pou bloke fèt, pak, evènman oswa espas ouvè.

Jan Gwoup Travay sou Plan Aksyon kont Chalè Ekstrèm Eta New York rekòmande sa, aksè nan opòtinite refwadisman deyò ak resous lwazi tankou pak ak zòn pou naje enpòtan anpil pou kominote defavorize yo ak popilasyon ki gen gwo risk ki pa gen aksè a refwadisman andedan kay yo. Lè nou amelyore aksè nan kote tankou pisin ki ka bay soulajman tanporè kont gwo chalè, sa ka ofri plis refij pou kominote ki afekte yo.

Gwosè pisin yo ka varye nan pi gwo enstalasyon yo, tankou pisin ak enstalasyon tanporè ki pi gwo yo ki te fonksyone pandan senk ane ki sot pase yo nan Brooklyn Bridge Park, rive nan pi piti pisin ki nan estil "kontènè", ki ka chita sou lari an sifas yo.

### **Envesti nan pak Eta ak Pisin nou yo**

Atan pou selebrasyon Santènè Pak Eta New York yo, Gouvènè Hochul pral fè avanse yon seri envestisman istorik nan enstalasyon natasyon piblik yo. Plan Gouvènè a, ki mete fen nan plizyè deseni fèmti ak rediksyon, pral restore oswa rekonstwi enstalasyon yo nan tout Eta a, tankou:

- **Re-konsevwa Plaj Lak Sebago nan Pak Eta Harriman**, ki te fèmen depi 2011 akòz domaj siklòn Irene. Atravè pwojè reyabilitasyon masiv sa a, vizitè yo ak moun ki fè randone yo ka byento chèche refij pou yo refwadi epi yon lòt fwa ankò ale naje nan Lak Sebago.
- **Espas pou Benyen nan Jones Beach East**, dènye gwo pati nan enfrastrikti ikonik ak istorik Pak Eta Jones Beach ki poko sibi enpak revitalizasyon 10 ane pase yo, pral reyamenaje ak reyimajine pou jenerasyon k ap vini yo ka jwi. Atravè yon kontribisyon pou santènè sistèm pak la, Pak Eta yo ap transfòme yon konplèks pisin abandone pou tounen yon pak pilverizasyon destinasyon,

entwodwi ak enkòpore yon karakteristik inik Aprann Naje pou ede timoun ak najè ki pa gen eksperyans rete an sekirite nan yon anviwònman ki pi piti, kontwole.

- **Pak Eta Sojourner Truth**, ki yon fwa te sit yon pwodiksyon siman, fabrikasyon brik, ekstraksyon, ak rekòlt glas, pwopriyete a te depi lè transfòme pou tounen pak ki pi nouvo nan New York. Atravè investisman adisyonèl, nou pral elaji pak la pou enkli yon estrikti natasyon k ap flote nan Lak Quarry.

Nou ka wè reprezantasyon yo [isit la](#).

Anplis pwojè sa yo, Gouvènè Hochul pral ogmante investisman kapital anyèl yo nan pak Eta nou an pou konstwi plis espas pandan l ap investi nan enfrastrikti ki egziste deja. Sa pral pote plis resous lwazi nan kominote yo atravè Eta a. Tout pwojè enpòtan sa yo pral elaji aksè dirèk nan zafè naje, sa k ap ede plis moun aprann kijan pou yo naje epi bay opòtinite refwadisman pou kominote defavorize yo.

### **Founi Plis Sovtè ak Kou Natasyon**

Pou rezoud pwoblèm mank sovtè ki limite anpil tan pou naje an sekirite, Eta a pral ofri yon pwogram sibvansyon atravè Depatman Deta a pou ranbouse minisipalite yo pou depans ki gen rapò ak konpansasyon sovtè yo pou ede elaji èdtan fonksyonman yo, ogmante nivo anplwaye pou pwogram naje yo, epi elaji aksè nan plaj piblik ak pisin nan tout Eta New York.

### **Revitalize Pwogram Aprann Naje Gratis nan Pak Eta yo**

Pak Eta yo pral plis pase double kantite pisin ak plaj ki ofri pwogram ansèyman sou sekirite nan dlo an 2024 – apati 7 rive 17 – epi ajoute plaj ak pisin adisyonèl yo nan ane k ap vini yo.

### **Mennen Timoun yo nan Pisin nan**

New York pral fè patenarya ak minisipalite yo pou ede yo lokalize enstalasyon natasyon adisyonèl pou itilize nan sezon ete ak sezon entèmedyè yo pou ansèyman natasyon akwatik. Pak Eta yo pral travay pou transpòte elèv yo ak fanmi yo nan enstalasyon kote yo ofri natasyon atravè pwogram Connect Kids yo.

### **Kreye Ank Kominotè pou Pisin SUNY yo**

Gouvènè Hochul pral mande SUNY pou kolabore ak lekòl yo, jèn yo ak òganizasyon kominotè ak minisipalite yo pou ogmante opòtinite aprantisaj natasyon yo atravè tout rejyon nan Eta a. Anplis de sa, New York pral ankouraje etidyan SUNY ki se gwo najè yo pou yo vin sovtè lè yo kouvri depans yon egzamen sètifikasyon sovtè, epi lè yo bay kredi inivèsite pou kou fòmasyon sovtè.

### **Linèt Solèy Gratis**

Gouvènè Hochul pral kòmanse yon pwogram pilòt nan pisin Pak Eta yo pou ofri krèm pwoteksyon solè gratis pou ede fanmi yo rete an sekirite nan solèy la epi jwi aktivite deyò.

**Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Depatman Deta (Department of State, DOS) a gen yon istwa long ak reyisi nan travay ak minisipalite atravè Eta New York pou amelyore operasyon, fasilite kwasans epi asire sekirite piblik. Nouvo pwogram sa a se yon zouti adisyonèl k ap pèmèt nou travay ak gouvènman lokal yo pou bay pi bon aksè nan pisin ak plaj piblik yo epi amelyore plis kalite lavi pou Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou inisyativ kreyatif sa a ki pral asire fanmi yo atravè eta a gen yon kote ki an sekirite pou yo naje."

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap ranfòse investisman nan sante piblik nou an ak elaji opòtinite lwazi ki bon pou sante pou tout kominote yo pandan n ap chèche konble mank nan ekite ki genyen epi mete fen nan inegalite nan swen sante. NY SWIMS se pi gwo investisman nan tout eta a nan natasyon depi plizyè deseni, epi priyorite sa yo nan diskou Eta Leta sa yo demontre angajman nou pou fòme nouvo sòvètè yo, amelyore sekirite nan naje, ak elaji aksè nan naje pou tout Nouyòkè yo."

**Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare,** "Naje se youn nan aktivite lwazi ki pi popilè nan pak nou yo – epi li se youn nan konpetans ki pi enpòtan nou ka anseye timoun nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou plan odasye sa a pou elaji opsyon ki nesèsè anpil pou Nouyòkè yo naje, epi ede yo rete an sekirite pandan y ap fè sa."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Aprè yon lòt ane nan tanperati rekò, gwo chalè ak move tan akòz klima a ap gen yon enpak negatif sou kominote nou yo plis pase sa te janm ye anvan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò prensipal sa nan peyi a pou ogmante aksè nan pisin ak opòtinite natasyon klas mondyal, espesyalman nan kominote ki defavorize yo, pandan l ap asire plis Nouyòkè prepare pou jwi aktivite deyò epi pran plezi yo san danje."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)